



# NYSSB Rubric for the Culminating Project and Presentation in Modern Languages (Category 1-2)





Gid jeneral pou Pwojè a ak Prezantasyon Panèl Kilminan:

1. Yo ka evalye elèv yo an jeneral sou twa estanda kominikasyon yo (entèpretasyon, entèpèsònèl, prezantasyon).
2. Yo ka itilize ribrik sa a pou evalye alafwa pwojè a an li menm (redaksyon akademik, pòtfolyo) ansanm ak prezantasyon oral pwojè a bay panèl la.
  - a. Yo ka evalye mòd entèpretasyon an anvan prezantasyon pwofesè salklas la oswa konseye pwojè a.
  - b. Mòd entèpèsònèl ak prezantasyon yo evalye nan moman prezantasyon pwojè a.
3. Yon komite evalyatè ki genyen ladan de oswa plizyè adilt ki se oratè kalifye nan lang yap evalye a ta dwe evalye elèv yo.
  - a. Pwofesè aktyèl elèv la pa ta dwe sèl moun kap evalye pwojè a ak prezantasyon an
  - b. Pandan ke yo ankouraje lekòl yo pou yo rekrute manm komite yo pou yo sèvi nan komite evalyasyon yo, evalyatè yo pa ta dwe gen rapò ak elèv la.
  - c. Si yo bay prezantasyon an nan yon lang ki pa gen anpil ensidans oswa si gen yon sèl adilt ki pale lang lan nan yon distri, komite a ka gen ladan mwens evalyatè. Lekòl la ta dwe fè tout efò pou garanti de adilt ki pale lang lan.
  - d. Tout prezantasyon an ak entèvyou komite a dwe fèt nan lang y ap evalye a.
4. Elèv yo, espesyalman Elèv yo k ap Aprann Anglè ak Moun ki Pale Lang Eritaj yo, ka reprezante tout pati nan mond lan epi kidonk yo ka montre yon gwo divèsite lengwistik parapò ak sa yo konsidere kòm vèsyon "estanda" nenpòt lang. Manm komite yo ta dwe evite bese evalyasyon an akòz aksan yon elèv, pwononsyasyon, oswa vokabilè espesifik kiltirèl, toutotan aspè sa yo pa anpeche konpreyansyon.

### Fèy Nòt Pwojè Kilminan

<b>Non Elèv:</b>
<b>Lang yap evalye a:</b>
<b>Evalyasyon anjeneral:</b> Prezantasyon ak Pwojè Kilminan <input type="checkbox"/> fè <input type="checkbox"/> pa demontre nivo konpetans ki nesèsè pou w genyen NYSSB.
<b>Evalyasyon an te konplete pa (non, tit):</b>
<b>Dat:</b>

Kesyon Gid	ENDIKATÈ PÈFÒMANS					
	ENTÈMEDYE BA	ENTÈMEDYE MWAYEN	ENTÈMEDYE ELVE	AVANSE FÈB	AVANSE MWAYEN	AVANSE ELVE
<p>Estanda 1: Kominikasyon entèpretativ – Elèv k ap aprann yo konprann, entèprete, ak analize sa yo tandè, li, resevwa, oswa gade sou yon varyete sijè, apati de yon seri tèks divès, ki gen ladan resous otantik.</p> <p>Kisa mwen ka konprann, entèprete, oswa analize nan yon seri tèks divès*, sa ki gen ladan resous otantik, ke mwen tandè, li, resevwa oswa wè?</p>	 <p>Mwen ka idantifye sijè a, lide prensipal ak enfòmasyon ki anrapò yo apati fraz senp nan tèks konvèsasyon kout enfòmatif ak literè.</p>	<p>Mwen ka konprann lide prensipal la ak enfòmasyon kle nan tèks ak konvèsasyon enfòmasyon kout ak literè ki senp.</p>	<p>Anjeneral, mwen ka swiv lide prensipal la, mesaj prensipal, ak dewoulman evènman yo nan diferan peryòd tan nan tèks paragraf ki long, konvèsasyon, ak diskisyon senp.</p>	<p>Mwen ka idantifye mesaj prensipal yo ak mesaj ki kache yo ak kèk detay sipò nan tout gwo delè enpòtan nan tèks, konvèsasyon, ak diskisyon yo.</p>	<p>Mwen ka konprann mesaj prensipal yo ak mesaj ki kache yo ak plis detay sipò nan tout gwo delè enpòtan nan tèks, konvèsasyon, ak diskisyon yo.</p>	<p>Mwen ka swiv kouran lide yo epi dedwi siyifikasyon, ki gen ladan nyans ak opinyon, apati langaj konplèks sou sijè abstrè ki pa fanmiye nan tèks, konvèsasyon, ak diskisyon yo.</p>

<p>ESTANDA 2: Kominikasyon Entèpèsònèl – Elèv k ap aprann yo kominike ak negosye siyifikasyon nan konvèsasyon pale, vizyèl oswa alekri pou fè echanj enfòmasyon epi ekspri santiman, preferans, ak opinyon yo.</p> <p>Kijan mwen ka fè echanj enfòmasyon ak lide; epi ekspri, reyaji ak sipòte preferans ak opinyon nan konvèsasyon yo?</p>		<p>Mwen ka mande epi bay enfòmasyon; ekspri, mande sou, epi reyaji ak kèk detay sou preferans, santiman, oswa opinyon sou sijè fanmiye yo, nan kreye fraz senp epi poze kesyon swivi apwopriye nan konvèsasyon yo.</p>	<p>Mwen ka fè echanj enfòmasyon, preferans, santiman, oswa opinyon sou yon varyete sijè fanmiye ak kèk sijè rechèch, nan kreye fraz ak seri fraz epi poze kesyon swivi nan konvèsasyon yo.</p>	<p>Mwen ka fè echanj enfòmasyon, preferans, santiman, oswa opinyon, sou yon varyete sijè fanmiye, konkrè, ak rechèch, pafwa ki enplike yon konplikasyon, itilize fraz konekte ki ka konbine pou fòmè paragaf epi poze yon varyete kesyon nan konvèsasyon ak diskisyon yo, souvan atravè plizyè peryòd tan.</p>	<p>Mwen ka kominike ak negosye ak lòt moun pou fè echanj enfòmasyon ak lide, bay eksplikasyon ak konparezon preferans ak opinyon, epi kenbe konvèsasyon ki ka enplike yon konplikasyon inatandi sou yon varyete sijè fanmiye, konkrè, akademik ak sosyal, lè w itilize kèk paragaf senp sou peryòd tan enpòtan.</p>	<p>Mwen ka kominike ak negosye ak lòt moun pou fè echanj enfòmasyon ak lide, bay eksplikasyon ak konparezon preferans ak opinyon, epi kenbe konvèsasyon pwolonje sou yon varyete sijè enterè (fanmiye, enkon, konkrè ak pafwa akademik, sosyal oswa pwofesyonèl), nan poze kesyon apwofondi epi nan bay repons detaye sou peryòd tan enpòtan.</p>	<p>Mwen ka kominike, negosye, diskite, sipòte, epi pafwa fè deba sou yon varyete sijè (konplèks, konkrè, abstrè, akademik, sosyal, pwofesyonèl, ak jeneralman fanmiye) epi souvan adrese pwoblèm ipotetik, pou posiblerman rezoud yon konplikasyon inatandi, lè w itilize kesyon egzat ak eksplikasyon nan konvèsasyon ak diskisyon yo.</p>
<p>ESTANDA 3: Kominikasyon Prezantasyon – Elèv k ap aprann yo prezante enfòmasyon ak lide sou yon varyete sijè ki adapte a divès odyans oditè, lektè oswa telespektatè pou dekri, enfòmè, rakonte, eksplike, oswa konvenk.</p> <p>Kijan mwen ka prezante enfòmasyon ak lide pou dekri, enfòmè, rakonte, eksplike, oswa konvenk?</p>		<p>Mwen ka prezante enfòmasyon sou lavi ak aktivite mwen, deklare epi fè tantativ pou sipòte preferans ak opinyon yo sou sijè fanmiye chak jou, nan kreye epi sèvi ak fraz senp.</p>	<p>Mwen ka rakonte eksperyans pèsònèl yo, prezante enfòmasyon, ak enonse ak sipòte opinyon (yo) sou yon varyete sijè fanmiye, konkrè ak rechèch, lè w sèvi avèk fraz ak seri fraz ki konekte.</p>	<p>Mwen ka rakonte eksperyans yo, prezante enfòmasyon ki gen ladan detay, epi bay opinyon (yo) sou yon varyete sijè fanmiye, konkrè ak rechèch, lè w itilize paragaf kout, souvan nan diferan peryòd tan.</p>	<p>Mwen ka fè prezantasyon ak bay opinyon ak prèv ki sipòte sou kèk sijè konkrè, akademik, sosyal, ak pwofesyonèl ki enterese, lè w itilize paragaf nan tout gwo delè enpòtan yo</p>	<p>Mwen ka fè prezantasyon detaye epi prezante agiman ak prèv ki bay sipò sou yon varyete sijè konkrè, akademik, sosyal ak pwofesyonèl ki gen enterè, lè w itilize paragaf òganize nan tout gwo delè enpòtan yo.</p>	<p>Mwen ka fè prezantasyon koyeran, prezante agiman klè ak egzat ak prèv ki bay sipò, epi bay narasyon konplèks ak detaye sou yon varyete sijè konplèks, konkrè ak abstrè ki gen rapò ak enterè kominote a ak kèk domèn espesyalize, epi souvan fè fas ak pwoblèm ki gen rapò ipotetikman.</p>

\*Mo “text” defini kòm nenpòt mwayen ki tradwi enfòmasyon. Pou rezon endikatè pèfòmans sa yo, yon tèks kapab yon enprime (egzanp, enfografik, atik), yon odyo (egzanp, chante, podcast), yon vizyèl (egzanp, imaj, penti), oswa yon odyo-vizyèl (egzanp, videyo mizik Resous miltimedya).

**Nòt:**